



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE PÈSONÈL EGZEKITIF KI SOTI NAN AJANS KLE
YO POU ANKETE SOU ZÒN KI TE SIBI ENPAK INONDASYON RAPID YO NAN
SOUTHERN TIER**

Pon Route 17 Eta a Ki Sou Wappasening Creek lan Fèmèn

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deplwaye jodi a komisè ak pèsònèl reyjonan ak egzekitif ki soti nan Biwo Gouvènè a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) pou evalye domaj yo apre gwo lapli ak inondasyon ki te rive nan Konte Tioga ak Broome pandan nwit lan. Route 17 Eta a fèmèn ant Exit 62 (Nichols) ak Exit 63 (Lounsberry) ki nan Konte Tioga akòz domaj inondasyon rapid Dimanch swa epi yo te poste pano detou yo. Lapolis Eta a ap asiste ak kontwòl sikilasyon ak avi pou vwayajè yo, epi yo ap itilize siy mesaj elektwonik ki varyab yo ki nan New York ak Pennsylvania pou avèti otomobilis yo de fèmèn a.

“Inondasyon ansanm ak kondisyon metewo grav yo te andomaje wout ak pon yo atravè Southern Tier epi yo kontinye koze pwoblèm nan zòn ibèn yo, kote drenaj yo pa byen fèt, epi tou pre rivyè yo ak kouran dlo yo ki deja nan nivo limit yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap deplwaye resous eta yo pou kapab bay asistans pou Nouyòkè yo ki nan nesosite epi ede kominote sa yo rekipere pi rapidman possib.”

Depatman Transpò Eta New York lan te mobilize 39 pèsònèl an repons a inondasyon rapid mwa pase a ki gen ladan de ekip enspeksyon pon ki ap verifye domaj estriktirèl nan pon yo, de enjenyè ak 31 pèsònèl mentnans otowout. DOT te deplwaye ekipman pou retire debri, pèfòme reparasyon rigòl ak lòt aktivite mentnans sou otowout yo. DOT ap akselere tou reparasyon yo nan Pon Route 17 ki sou Wappasening Creek ki nan Komin Nichols lan, ki te monte de 10 pye rapidman pandan nwit lan epi li te ekspoze pilye sipò yo akòz yon ewozyon dig lan.

Ekipman ki te deplwaye yo gen ladan yo 11 kamyon ranblè, senk kamyon ranmasaj, twa chajè, yon retwokavez, yon lenks, de ekskavatis, ak yon trelè traktè. Depatman an te egzekite tou yon kontra ki pral akselere reparasyon pon yo, sa ki ap pèmèt yo retabli sikilasyon an pi bonè posib. Pou kapab jwenn dènye kondisyon vwayaj yo, ki gen ladan yo fèmèn wout yo, rele 511 oswa vizite www.511ny.org.

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te an komikasyon konstan ak ofisyèl lokal yo epi jesyon ijans yo gen kat pèsonèl nan zòn nan. Rezèv Eta yo te pare pou deplwaman epi resous nou pral site la yo disponib si gen bezwen:

- 61 jeneratè nan Rezèv Binghamton lan, ak 608 ki disponib atravè eta a
- 32 tourèl ekleraj nan Rezèv Binghamton lan, ak 232 ki disponib atravè eta a
- 5 ponp nan Rezèv Binghamton lan, ak 1,218 ki disponib atravè eta a
- 30,000 sak sab nan Rezèv Binghamton lan, ak 482,680 ki disponib atravè eta a

Menm si pi gwo lapli yo fin pase nan zòn nan, plizyè pati nan Konte Broome ak Tioga te resevwa deja de a kat pous lapli oswa pi plis sa ki te lakoz inondasyon rapid, ak plis inondasyon ke yo te prevwa akòz potansyèl pou gen yon pous lapli adisyonèl nan yon ti peryòd tan kout, espesyalman nan zòn ki gen move drenaj yo ak alantou lokalite ibèn yo, ak zòn ki sansib yo ki te resevwa resamman gwo lapli epi ki deja ap eksperimante inondasyon. Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te fè soti yon Avètisman pou Inondasyon Rapid pou Konte Broome ak Tioga jiska 8 p.m. aswè a.

Sant Siveyans Eta a ak Sant Operasyon Ijans yo ap fonksyone nan aktivasyon Nivo 4 ki gen ladan siveyans ki ranfòse pandan ke Avètisman ak Siveyans pou Inondasyon yo ap kontinye pandan jounen an.

Plis pase 12 Ofisye Konsèvasyon Anviwònmanal nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, pèsonèl Repons pou Devèsman ak Divizyon Dlo yo (Division of Water) ap mennen ankèt sou pwojè kontwòl inondasyon yo nan konte Broome, Tioga, ak Chenango. Ankèt yo jiskadat pa't idantifye okenn pwoblèm. Nan dat 24 Jiyè, Ofisye Konsèvasyon Anviwònmanal nan DEC la yo te fè patwouy nan Big Choconut Creek ki nan Vestal an repons a inondasyon yo, epi pou detèmine si yo ka bezwen resous adisyonèl. Rapò inisyèl yo te endike ke rivyè Susquehanna River ansanm ak etablisman kontwòl inondasyon ki asosye yo pa't gravman afekte, men gwo lapli ki lokalize yo nan sid Susquehanna yo te koze inondasyon rapid nan kèk kouran dlo ki nan basen idwografik lan. Evalyasyon domaj yo ap kontinye.

Ofisye Konsèvasyon Anviwònmanal nan DEC la, pèsonèl Repons pou Devèsman ak Divizyon Dlo yo pral kontinye evalye enpak inondasyon yo ki nan konte Southern Tier.

Gouvènè a te bay konsèy sa yo pou kapab rete an sekirite kont inondasyon an:

Telechaje NY-Alert

NY-Alert se sistèm alèt gratis eta, ki baze sou souskrisyon, ki pou tou danje yo, epi ke ou ka pèsonalize. Alèt yo, tankou enfòmasyon enpòtan konsènan kondisyon metewolojik grav yo, kapab resevwa apati kourye elektwonik epi tou voye sou telefòn selilè ou apati mesaj tèks. Pou kapab souskri, vizite sitwèb NY-Alert lan nan: <https://www.nyalert.gov/>. Pou plis enfòmasyon sou NY-Alert lan, vizite pay FAQ lan nan: <https://www.nyalert.gov/faq>.

Si Inondasyon Rive Nan Zòn Ou An:

- Swiv Radyo Meteyo Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik (National Oceanic & Atmospheric Administration, NOAA) a oswa emisyon estasyon radyo ak televizyon lokal pou enfòmasyon.
- I otorite lokal yo konseye moun deplase, fè sa san pèdi tan.
- Si yo mande w ale yon kote espesifik, ale la.
- Se pou konnen ki koteabri yo ye.
- Mete andedan kay ou tout sa ou genyen deyò oswa mare yo byen sere. Sa gen ladan mèb peyizaj, poubèl, ak lòt objè mobil.
- Si gen tan, deplase atik enpòtan yo ak mèb yo pou mete yo nan etaj anlè nan kay la. Dekonekte aparèy menaje ki pa kapab deplase yo. **PA** manyen yo si ou mouye oswa si ou kanpe nan dlo.
- Si yo di ou pou fèmen dlo, gaz oswa sèvis elektrik la anvan ou ale, fè sa.
- Pwoteje kay ou: Fèmen tout pòt ak fenèt ak kle.

Si ou te sibi inondasyon nan kay oswa biznis ou:

- Mi yo, planche ki gen sifas ki di yo ak anpil lòt sifas nan kay yo dwe netwaye ak savon ak dlo epi dezenfekte ak yon solisyon 1 bouchon kloròks nan senk galon dlo.
- Byen dezenfekte ak prekosyon sifas ki an kontak ak manje ak zòn jwèt timoun yo.
- Lave tout dra ak rad yo nan dlo cho oswa bay yo nan près.
- Yo dwe seche nan lè nan solèy atik ke yo pa kapab lave oswa bay nan près yo, tankou matla ak mèb ki kouvri ak tapi yo, epi yo dwe flite yo ak yon dezenfektan ak prekosyon.
- Pase aspiratè a chalè sou tout kapèt yo.
- Ranplase pano fibr yo, izolasyon yo ak filtè ranplasab yo ki nan sistèm chofaj/rafrechisman ou an.

Si w oblije vwayaje:

- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k'ap kouri a yon vitès de twa kilomèt pa è ka pote ale machin ki sou yon wout oswa sou yon pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Si Ou Nan Blakawout:

- Rele sèvis elektrisite a dabò pou konnen orè reparasyon zòn nan. Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou pa kite yon sikwi chaje twòp lè yo repara sèvis la. Kite yon limyè limen pou endike lè yo repara kouran an.
- Kite pòt frijidè ak frizè fèmèn otank posib pou ede redui kantite manje k ap gate.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite yon pous espas andedan yo chak. Sa ap ede kenbe manje a fre.

Si ou bezwen itilize yon dèlko:

- Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou dekonekte sèvis kouran elektrik ou kòrèkteman. Si li posib, fè yon elektrisyen kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Fè dèlko a mache deyò, nan sans van an avèk fondasyon kay la. Pa janm fè yon dèlko mache andedan kay ou. Gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun k ap sòti nan lafimen dèlko a kapab simaye toupatou nan espas ki fèmèn yo.
- Konbistib ki tonbe sou yon dèlko cho kapab lakòz yon esplozyon. Si dèlko ou gen yon tank gaz detachab, retire li anvan ou replen li. Si sa pa posib, etenn dèlko a epi kite li refwadi anvan ou replen li.
- Pa depase kalibraj dèlko a. Pifò ti dèlko pòtatif pou itilize nan kay pwodui ant 350 ak 12,000 wat enèji. Si ou mete twòp chaj sou dèlko a, sa kapab kraze li ansanm ak aparèy menaje ki konekte sou li, epitou sa ka lakòz dife. Swiv enstriksyon manifakti a.
- Kenbe timoun yo lwen dèlko yo toutan.

Evite anpwazònman avèk monoksid kabòn:

- Pa limen dèlko yo anndan kay; motè a ap emèt gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun.
- Pa itilize chabon pou kwit manje andedan kay la. Sa ka lakòz tou akimilasyon gaz monoksid kabòn.
- Pa itilize fou a gaz pou chofe kay ou an -- itilizasyon yon fou ki louvri pandan twòp tan nan yon kay ki fèmèn kapab kreye gaz monoksid kabòn.
- Enstale yon alam monoksid kabòn.

Pou plis enfòmasyon sekirite, vizite sitwèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan: <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###